ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№182 (23.590) ● 2017 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 22, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Транспорт Iэмэпсымэ плIыщIым щIигъу къаIэрыхьэнущ Къабардей-Балъкъэрым щагъэхъуж, щрагъаджэ и Iуэхущ1аIэхэм. Абы теухуа унафэхэм Iэ щIидзащ Урысей Федерацэм и Премьер-министр Медведев Дмитрий

Къабардей-Балъкъэрым щагъэхъуж, щрагъаджэ и Iуэхущ1аIэхэм транспорт Iэмэпсымэ плIыщIым щIигъу къаIэрыхьэнущ: школ автобусу 23-рэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и автомобилу 18-рэ.

Абы теухуа унафэхэм Iэ щIидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий. Бюджет мылъкур къыхахащ Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Бахъсэн къратыкI репортаж

Мамхэгъ Хьэчим и псалъэ.

ГуфIэгъуэр зихуэдэ щымыIэу щаIэт

Адыгэхэм я махуэмрэ Бахъсэн къалэр илъэс 50 зэрырикъумрэ гъэлъэпIэным ехьэлIауэ а щыпIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэр апхуэдизу екIуу ирагъэкIуэкIынуи, и инагъ и бжьыфIагъкIэ дахащэу кьехьулIэнуи ди фIэщ хъунтэкъым, а псор ди нэгу щIэмыкIауэ щытамэ, а Iуэхушхуэхэм егупуу зэрызыхуагъэхьэзырым и хъыбарым нэхъ пасэу щыгъуазэ дыхуащIа пэтми.

ФЕДЕРАЛЬНЭ гъэсэгъ нэхъыщхьэм дижэу, Бахъсэн щIыналъэм дыщыхуэблагъэм, дэ зэуэ гу лъытагъ автомобилхэм нэхъ хуэм зэрызащIым. «Аргуэру зы щIыпIэ гуэрым деж гъэсэгъ щызэрагъэпэщыжу пIэрэ, атIэ?» гупсысэращ япэу ди щхьэм кьихьар. АрщхьэкIэ, деплъыпэри, кьэтлъэгъуар нэгъуэщIиц: адыгэ фащэ екIуэхэмкIэ зэщыхуэпыкIа щу гупышхуэ гъэзэгубымкIэ ирикIуэрт. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм абыхэм зекIуапIэ иратауэ арат. Зи бжыгъэр 100-м нэблагъэну къытщыхъуа щIалэхэм кIуэрыкIуэм тету нэгъэущI щуэхри адэкIэ-мыдэкIэ къащыхьыхьэрт. Адыгэ фащэу ящыгъэхэр плъыфэбэрэ зэмылIэужьыгъуэу ахэр зэщыхуэпыкIахэт: хэти цей къащхъуэ-хужьыфэ щыгът, адрейхэм ейр фIыцIафэ-морафэт.

КърикIуэхэмсурэтзыбжанэятетхрИ, ДыгулыбгъуейкIэ дунэтIащ. КIуэужэм пхырыкI уэрам нэхъыщхьэм дижэри, Бахъсэн дыдэлъэдащ. Лъэмыжьым дыззрызэпрыжу, машинэ псоми лъэныкъуэкIэ зэрыдадзыхыр къэтлъэгъуащ. АбыкIэ дэ къэтщIащ автомобилхэр щызекIуэ мыхъуу, къалэкур зэрызэхуащIар.

ДыздекIуэлIэн хуейр Бахъсэн къалэ администрацэм и гупэ къит утыкурати, абы нэхъ гъунэгъу зэрызыхуэтщIыным яужь дитт. Армырами, дыззрымыгъуэщынур зьхэкIыу тпхыкIат, «гъущIыгухэм» я нэхъыбапIэм здагъазэр абыкIэти. Дэри «псыдзэ кIиуам» демыныкIыуэкIуу, зыхэдгъэпэшэхьауащ. Куэд дымыжуи дакъыихэухтащ Щэнхабзэмкlэ унэм и щIыбагъымкIэ кIуэ пэтми нэхъыбзэк щызэрыгъэхъу автомашинэ Iувыкlейм, увыIэпIэ щхьэхуэ къэзыIлыхьхъуэхэм.

Бжьыхьэпэ мазэр хуабзэхыу къытхущIэкIами, кьалэ администрацэм и гупэм къит утыкумрэ ар зыхуэгъэза уэрам бгъуфIэшхуэмрэ щIыху куэд дыдэ щызэхуэсат, я гур къипкIыным хуэдизу зэщыгуфIыкIыжхэрэ я нэгу зэлъыIуахэмкIэ дунейр ягъэдахэу.

Уэрамым и бгъуитIымкIи щиувыкIахэм макъ лъэщ къаxэIуащ, парад щIыкIэу къызэрагъэпэщ зекIуэм зэрыщIидзэмкIэ хъыбар ирагъащIэу. ЯпэщIыкIэ жьжьэу, итIанэ нэхъ гъунэгъуу гъуэгукум къыщыуэнэхуащ щIыкIуи ини, щIыхуэуи щIыхубзи щхьэхуэщхьэхуэурэ щызэгъэуIуа щIыху гупышхуэхэр. Псом япэу кIрикIуэ гупым я пашэт адыгэхэм я лъэпкъ бэракъыр уардэу зыщ-хьэщыбыбыкI, Къабардей къэрал драмэ театрым и актёр пажэ, республикэм щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэдрэ абы дэщIыгъуэхэмрэ. Абыхэм къакIэлъыкIуащ я ныбжьыр нэхъ хэкIуэтами, бжьыфIагъэ къэзыгъэлъагъуэ нэхъыжьыфIхэр. Ещанэ сатыру кIрикIуэ гупыр укъэзыгъэгумащIэт. Зи щыгъын щхъуэкIэплъыкIэхэр дыгъэпсым нурыбэу пэлыд сабий дыгъэл цIыкIухэр, зыкъызэщIакъуарэ егугъупэу, гъуэгукум кIрикIуэхэрт, я гъэсакIуэ пажэхэр къащхъэщытрэ къахуэсакъыпэу. Абыхэм уащыIуплъэкIэ, «ярэби, сэри си цIыкIугъуэм апхуэдэу сыщытауэ пIэрэ?» жыIагъэлэрт.

Зекlуэм хэтхэм я нэхъыбапIэм лъэпкъ фащэхэр къаззрыщылыдыкIыр тельыджэ тщыхъуами, нэхъ гъэщIэгъуэныжьыр уэрамым и бгъуитIымкIэ щиувыкIахэми апхуэдэу зэрызыкърахьырт, нэгъуэщI яльэмыкIами, я щыгъынхэр лъэпкъ уагъэхэмкIэ екIуу гъэщIэрэщIат. Къызэрыхэдгъэщащи, Бахъсэн и кьалэкум щызэрихьэлIахэм ныбжьыщIэхэри сабийхэри куэдыкIейуэ яхэтт. Ахэри зэрыхуэпар (и нэхъыбапIэр) мыдрейхэм ещхьти, дгъэщIагъуэрт: «Апхуэдиз фащэ екIу икIи дахэ дэни къраха, дауи яхуэзгъэпэща?!» - жыIгъэрэ.

Бахъсэн кьалэ округым хьыхь жьлагъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта цIыхубэ парадыр Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэм а махуэм щекIуэкIа Iуэхугъуэхэм я япэ Iыхьэт. Ар щызэфIэкIым, адэкIэ-мыдэкIэ щызэхэува цIыхухэм гъунэгъу захуэтщIащ. Гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, ахэр, уапхымыкIыфын хуэдизу, нэхъыбзэк зэрызэрыгъэхъуми, къыкIэтыкIыпэу Iуэхугъуэхэр нэхъ тельыджэжу кьахущIэкIынкIэ зэрыхъунри зэрыпэплъэхэми...

Уэрамым ирикIуахэм ящыщу нэхъ зэгъэкIуарэ зэщIэкъуауэ къытщыхъуа сабий гупым дабгъэдыхьащ. Абыхэм яхэт бзылъхугъэм (ари адыгэ фащэ екIукIэ хуэпат) зыхэдгъэзащ.

- Зыкъэдбгъэщыхуамэ, мы цIыкIуэми я гугъу къытхуэпщIамэ, ди гуапэ хъунт.

- Мэрщэнхэ Агнессэ. Сабийхэр Кушмэзыкъуей (Бахъсэн кьалэм ищхъэрэкIэ щыIэ и хьэблэращ зи гугъу ищIыр) дэт курыт еджапIэ №2-м кьегъэбыдыIа кадет школым и 1-нэ классым щеджэхэрщ. ЖыпIэнурамэ, абыхэми, я адэ-анэхэми, гъэсакIуэхэми ди гуапэу зыхуэдгъэхьэзыращ нобэрей ди гуфIэгъуэшхуэм, Адыгэхэм я махуэ лъапIэмрэ Бахъсэн кьалэ илъэс 50 зэрырикъумрэ ехьэлIам.

Кьыщыщ1эддзамкIэ дыкъыщекIуэкIыжьым, жьауэ пIэ гуэрым деж зыпI эрыщIэтыр кэтлъэгъуащ. ИхьуреягъкIэ щызэрызехьэхэм абы и Iуэху зэрахуэртэкъым, зи ящхь итыр абы и шырат - увыIэгъуэ ямыIэу сурэтхэр зытрагъэхыр, сабийхэр ягъэшэсамэ балигъэр бгъурыувэжжурэ. Лыр и теплъэкIэ зэрыпщIэн мы дунейм теттэкъым, асихьэтым къущхьэхъу хъупIэхэм кьикIыу гуфIэгъуэшхуэм кьахьхьа губгъэлIу фIэкIа. ИкIи, дыбгъэдыхьэу щызэдгъэцIыхум, апхуэдэуи кьыщIэкIащ. Абы щыгъ фащэхэр концерт кьызэрагъэпэлъагъуэтэкъым: и щIакIуэр кьызэрымыкIуэу инт, и пылIэр кьуацэшхуэт, и цейр Iувыщэт, и щхьэрхъуэныр (бащтыкъыр) IуэнтIэжарэ шыхьыжауэ и пщэм дэлът... Ар шы гъэхъуным куэд щIауэ хэт Пщыкl Iэуелт, Малкэ кьуэужэм щыщт. ДыщыгуфlыкIащ, а лIым депсэлъа иужькIэ, адрейхэми «гу кьызэрыльатам» - кьабгъэдыхьэу зэрыщIадзами, я сабийхэр къыIуашэрэ, фэеплъ сурэтхэри и гъусэу зэрызэтрагъэхами.

Парадым и кьыкIэлъыкIуэ Iыхьэ нэхъ ин дыдэу щытар адыгэ шууейхэр, зи бжыгъэкIэ 300-м щIигъур, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым кьызэрырикIуарщ. А Iуэхугъуэр апхуэдизкIэ узыгъэгушхуэт, узыщыщ лъэпкъым лIыгъэрэ дахагъэу бгъэдэльар, ноби кьыхуэгъэльэгъуэнур зыхуэдизыр уи нэгу кьыщIэзыгъэувэт, уигу кьызыгъэхьэти, еплъ псори - ини цIыкIуи - гуфIэгъуэшхуэм дихьэхыщарэ блэкIхэм я нэхэр тедымауэ якIэльэпIльырт.

Рекордхэр зратхэ Гиннесс и тхьылъым тIэунейрэ йохуэ

А махуэм и етIуанэ Iыхьэм, Бахъсэн кьалэм ищхъэрэкIэ щыIэ и хьэблэм, «Кушмэзыкъуей» цIэр иджыри зезыхьэм, и сэмэгурабгъумкIэ къыщылъ губгъуэ иным щызэхаша Iуэхугъуэхэри тельыджэт. Шэч къытетхьэркъым, ахэр зи нэгу щIэкIахэм ягу фIыкIэ кьызэринэуми щагъэхьажэр кьэкIуэну дахэ зиIэ лъэпкъэуу дызэрыщытыр кьэзыгъэльагъуэу зэрыщытми.

Бахъсэн кьалэм хьыхь жьлагъуэхэм дэс лIакъуэхэм я унагъуэ пщIантIэхэр кьызэрымыкIуэу дахэу кьызэрагъэпэщат. Щызэхуэсахэр я щхьэ закъуэ кьудейуэ щызэхэмысыжхэу, зым икIыу адрейм ихьэхэурэ, унагъуэ пщIантIэхэм хьэщIэу яхуэкIуэрт, щызэрылъагъуэхэр зэщыгуфIыкIыжрэ зэхуэжьмартхэу.

«Бахъсэн - си кьалэу си лъахэ!» эстрадэ гъэлъэгъуапIэмкIэ дунэтIащ. Абдежым щыщIидзащ мазхуэшхуэм ехьэлIа гуфIэгъуэ зэхьихьэм. Утыкум хуэхъу псалъэ щыжаIащ Къэбардей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и Администрацэм и тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**, Бахъсэн кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим** сымэ, нэгъуэщIхэми. ГуфIэгъуэм кьыщыпсэльащ республикэм и щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэр, Урысейм рекордхэмкIэ и тхьылъым и редактор нэхъыщхьэ **Коненкэ Станислав**. Иужьрейм кьыхиубщащ а махуэм Бахъсэн кьалэ щIилъэгъуам хуэдэ къэрал псом иджыри кьыздэсым зэрыщемыкIуэкIар, IуэхугъуитIыр: япэр - цIыку 2200-м щIигъур, лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу, зэгъусэу уэрамым кьызэрырикIуар, етIуанэр - адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа шууейр 315-м я зекIуэр. ИкIи, абы кьыхэкIыу, а IуэхугъуитIри езыр зи унафащI Тхьылъым, Урысейм и рекордхэр зратхэм, зэрыхигъэхьэнымкIэ и гуапэу кьызэхуэсахэм хьыбар яригъэщIащ.

Кьалэдэсхэм я гуфIэгъуэр даIэтащ, я нэгу зрагъэжьащ республикэм и уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● ЩIэ

Тхыдэм ухэзышэж сурэтхэр

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ илъэсищэ зыбжанэ ипэкIэ псэуа Черкасскэ лъэпкъым и цIыху гъуэзэджэхэм ятеухуа сурэт альбом гъэщIэрэщIа. Ар зэхэзыгъэуар, цIыху щэщым я теплъэр зэфIэзыгъэувэжар, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбардей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм щIыхь зиIэ я журналист, ЩIДАА-м и академик, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыцэ Мухьэмэдщ.

- КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Ахьуэхъу Таймураз и лъэIукIэ сурэтхэмрэ абыхэм ядэщIыгъу тхыгъэхэмрэ электрон теплъэ иIэу яхуезгъэхьащ, - жеIэ Хьэфыцl1ым. - Къэбардей цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа япэ альбомыр илъэсипщI ипэкIэ къыддэзгъэкIауэ щытащ. Иджы, Къэбардей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр Урысейм зэрыгуфIэрэ илъэс 460-рэ щрикъум, зыхуей хуэгъэзэжа къыдэкIыгъуэщIэр згъэхьэзыращ. Абы ихуа лIыхъужьхэм я сурэтхэр ар зи Iэщ1агъэ художникэм си материалхэр я тегъэщIапIэу езгъэщIащ икIи ахэр хуиту кьыпхуоцIыху. Альбомыр Москва къыщыдэкIащ экземпляр 30 хъууэ икIи тхьилъ теплъэ иIэщ, дэтхэнэ сурэтми абы теухуа тхыгъэ дэщIыгъуэр кнопкэ щхьэхуэр тепкъуза иужькIэ макъкIэ ахэр кьыпхуIуатэу. КIэщIу жьапIэмэ, электрон тхьилъыр и лIыхъужьхэм езыр «топсэлъыхьхьыж».

Мыгувэу, жэпуэгъуэ мазэм, дунейм къытехьэнущ «Синие горы Кавказа» усэхэр щызэхуэхъэса тхьилъым и ещанэ къыдэкIыгъуэр, хэлэжьыхьыжауэ. Ари зэхэзыгъэувэр Хьэфыцl1э Мухьэмэдщ. Тхьилъым и япэ, етIуанэ къыдэкIыгъуэхэр игъэщIэрэщIащ Пащты Германрэ Зэхуэхъу Лиуанрэ я сурэтхэмкIэ. Ещанэр ягъэбжьыфIэнущ КIыщ Мухьэдин и Iэдакъэщ1экIхэм. Тхьилъым усакIуэ нэхъыбэм я кьалэмыпэм къыщIэкIахэр ихуэнущ.

БИДЕНКЭ Маринэ.

● Гу зылъытапхъэ

ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнуэм я тхьилъхэм хэплъэнущ

Республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыпIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Прохладнэ, Тэрч, Iуащхьэмахуэ щIыпIэ самоуправленэхэм я деж щIыпIэ щIалэгъуалэ, Iуэхущ1аIэхэм къабгъэдэкIыу, КъБР-м и Парламентым щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэм я редтэрхэр тхыгъэ гуэдзэн и гъусэу кьевгъэхь КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым.

ТХЬИЛЪХЭМ копие техамэ, ар къызыбгъэдэкI Iэхущ1аIэм и мыхъур телъу, хабзэм тету зэхэгъэуваэу, 2017 гъэм фокIадэм и 29 пщIондэ Налщык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 55-нэ унэ, 105-нэ кабинетым къахьын хуейщ.

Зэпеуэм теухуауэ хьыбар нэхъыбэ къыщыбгъуэтынущ КъБР-м и Парламентым и сайтым: www.parlament-kbr.ru, е 42-60-84, 40-45-26 телефонхэмкIэ фыкъэпсалъэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1аIэ.

НОБЭ

♦Автомобиль къэмыгъэсэбэныным и дунейпсо махуэщ

♦Пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Болгарием и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1908 гъэм Iэм ар Уэсмэн пащтыхьыгъуэм къыхэкIащ.

♦Балтие хэралхэм я зэкъуэтныгъэм и махуэщ. Эстониемрэ, Латвиемрэ, Литвам 2000 гъэм щегъэжьауэ щагъэлъэпIэ.

♦США-м щагъэлъапIэ цIыхубз хьэрычэтыщIэхэм я махуэр

♦1862 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам Iэ щIидзащ 1863 гъэм и щIышылэм и 1-м къыщIэщIдзауэ пщыIэ псори щхьэхуит зэрыхъужьым теухуа унафэм.

♦1921 гъэм Лъэпкъым я Лигэм хагъэхьащ Латвиер, Литвар, Эстониер.

♦1935 гъэм Цыхубз Комиссарэхэм я Советым и унафэкIэ, япэ, етIуанэ, ещанэ рангхэм я капитан цIэр СССР-м и Дзэ-Тенджыз Флотым щагъэуващ, Совет Союзым и Маршал цIэри къащтащ.

♦1943 гъэм Центральнэ, Воронежскэ фронтхэм я дзэкIэ Днепр зэпрыкIащ.

♦1943 гъэм зауэм етIуанэ фронт къыщызэIуэмыхьэн папщIэ, Германием Сталин Иосиф е Черчилль Уинстон мамырыгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэ ярищIэлIэну Геббельс къыхилъхьа жэрдэмым арэзы техъуауэ щытакъым Гитлер.

♦1944 гъэм советыдзэхэм Таллинн къалэр хуит къащIыжащ.

♦КъигъэщIа илъэс 65-м щыщу илъэс 36-кIэ Франджым и пащтыхь гуащэу щыта Австрийская Аннэ къызэралъхурэ илъэс 416-рэ ирокIу.

♦Инджылызым щыщ физик, химик, генераторыр къэзыгупсыса, нэгъуэщI къэхутэныгъэ куэд езыгъэкIуэкIа **Фарадей Майкл** къызэралъхурэ илъэс 226-рэ ирокIу.

♦Совет бззщIэныгъэлI, лексикограф, профессор, «Урысыбзэм и псалъэр» къыддэзыгъэкIа, урыс литературэбзэр кууэ зыджа **Ожегов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокIу.

♦Педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Мамхэгъ Раисэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦США-м щыщ уэрэджьIакIуэ, актёр, режиссёр цIэрыIуэ, жылагъуэ лжьакIуэу щыта **Рид Дин** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокIу.

♦Урысей актрисэ, теленэтынхэр езыгъэкIуэкI **Голубкинэ Мари**е и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокIу.

♦Бразилием щыщ футболист цIэрыIуэ, дуней пэм и чемпион тIэунейрэ хъуа, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым щытекIуа, ЩIы хъурейм и футболист нэхъ Iэзэ дыдэу кьалъыта **Рональдэ** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налщык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 29-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Дыгъужьитl я щIыб зэхуагъазэркъым.

ТIum I цIыкIу и унагъуэуэр, е Хьэнэхэ я

***Иджыблагъэ Хьэнэхэ я зы гуфIэгъуэ срихьэлIат. Нэхъапэ IуэкIи сыхэтат а унагъуэшхуэм я гуфIэгъуэ зыкъом. ЗгъэщIагъуэу сыкIэлъыплъырт я зэхэтыкIэм. Я нэжэгужагъэмрэ я гушыIэмрэ пхуэмыIуэтэным хуэдизу дахэт, фэрыщIагъ лъэпкъ языхээми и нэгу иумыIагъуэу. Хэт пшынауэт, хэт къэфакIуэт, хэт уэрэд иришажьэрти, дзрэжэгъуэ макъыр унэм щIэмыхуэжу уэрамымкIэ блэкIкъыблэкIыжэми ялъэIэсырт. Зыгуэрхэми къащыфIэщI щыIэт унагъуэр фIыуэ зэрегъэфауэ зэрызехьэу. Ауэ Хьэнэхэ я зэрызехьэм фадэм и Iуэху лъэпкъ хэлъэхъым. Псори къезыхьэкIыр я гущIэм щыз насыпыфIагъэмрэ лъагъуныгъэмрэт. Абы щыгъуэми, зым адрейм и жагъуэ ищIныным темышынихьу, зыгуэрхэр ягу къагъэкIыжурэ зэщыдыхьэшхыжырт. НэхъыщIэхэри ягъэзэшыртэхьым. Я унагъуэм, я лъэпкъым теухуауэ упщIэ Iэджэ хуагъэхьэзырати, нэхъыбэм жэуап къезытыфхэм сауГэт зэмылIэужьыгъуэхэр я Iэрылъхьэт. ЗэрыжаIэу, я нэгу зэрызрагъэужьым гъэсэныгъэм и мыхьэнэри къыпIыувэрт.*

А пор иджы сигу къэзыгъэкIыжа гуфIэгъуэ зэхьихьэр, дауи, тIэкIу нэгъуэщIт. Хьэнэхэ я нэжэгужагъэмрэ унагъуэм я зэхэтыкIэ дахэмрэ абы и лъабжьэу къэнэжами, мыр зэрыхуэфэщэнкIэ хэIэтыкIат - я Iэнэкли, я хьэщIэкли, я утыку гъэбжьыфIэкIэкIи. Ауэ егъэлея гуэри Iуэхум зэрыхэмытыныр и щыхьэт пэлъытэу, япэу псалъэ зыльъагъэса СантIыкIь Анатолэ къэтэджри, дыкъыщIызэхуэсам теухуауэ кIэщI дыдэу жиIащ: «Хьэсэнбий и ныбжьыр нобэ илъэс 75-рэ хъуэу зы лъэныкъуэкIэ си фIэщ схуэмыщI хуэдэуи щытщ, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, пэжыриз Iуэхум хэлъщ, сыту жыпIэмэ дэ илъэс 50-м щIигъу ипэкIэ дызэрихьэлIэри ныбжьэгъу дызэхуэхъуауэ щытащ. А зэманым сэ партым и Прохладнэ райкомым сыщылажьэрт, Хьэсэнбий абы нагъэкIуат кьалэм и архитектор нэхъыщхьэу. Зи ныбжьыр иджыри илъэс 22-рэ иримыкъуа щIалэм дежкIэ ар дзыхьышхуэ дыдэт. АрщхьэкIэ абы Хьэсэнбий хуэхьэзыр ягъэхьэзырат - и щIэныгъэкIи и хьэл-щэнкIи.

Хьэсэнбийрэ сэрэ дыкъызэдокIуэкI илъэс 50-м щIигъуауи, а зэманым къриубыдэу абы дэслъэгъуа псор зы псалъэу жыпIэжмэ, - сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, си ныбжьэгъум ар ирихьэлIащ лэжьыгъэм хуэIэижьу, цIыху хэтыкIэ ищIэу, лIыгъэ, цIыхугъэ, гущIэгъу хэлъу, цIыхур и щхьэм ирилъытыфу, дзыхь къыхуащIар игъэпэжу».

Мы псалъэхэм нэгъуэщI гуэр щIымыгъужми хъуну къыщIэкIынт, ауэ нэхъ зедгъэубгъуми ягъэ щымыкIынукIэ, адэкIэ пытщэжынщ.


Хьэнэ Билад

Анэ-лIыхъужь Хьэнэ ТIитI

УРЫХУ куажэ курыт школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, Хьэсэнбий Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ухуакIуэ Iэщ1агъэм щыхуеджащ. ИужькIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва дэт архитектурэ институтми. Прохладнэ къалэм и архитектор нэхъыщхьэу щылэжьа илъэсхэм къалэ Советым и депутату щэнейрэ хахащ, и лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр, къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ.

1976 гъэм Хьэнэр Налшык къашэкри, ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министерствэм и проект къудамэм и унафэщIу ягъэуващ. А IэнатIэм илъэсипщым щигъукIэ пэрытащ и цIэр фIыкIэ къраIуэу. Псом хуэмыдэжу и гуащIэ ин хилъхьащ троллейбус щызэкIуэну гъуэгухэр уб1эхуным.

1987 гъэм Хьэсэнбий къыхуагъэфэщащ «Къэббалъкъэр гражданпроект» институтым и директор къалэныр. Ауэ абы илъэс зытIущ фIэкIа щымылэжьауэ нэхъ жэуаплыныгъэ иныж зыпылъ IэнатIэ ягъэкIуащ - Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ къэрал комитетым и тхьэмадэу ягъэуври, КъБР-м и Правительствэми хагъэхьащ. А IэнатIэм щыпэрыта илъэсхэм абы куэд дыдэ зэфIигъэкIащ ухуэныгъэм ехьэлIа IуэхухэР республикэм щегъэфIэкIуэным теухуауэ. Правительствэм и зэхэтыкIэм зэхуэкIыныгъэхэр халъхьэу комитетыр щымыIэж хъуа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и ухуакIуэ Хьэнэ Хьэсэнбий лэжьащ ухуэныгъэм-рэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и япэ къуэдзэу, архитектурэмрэ ухуэныгъэ стройиндустриемкIэ комитетым и унафэщIу, ухуэныгъэмрэ проект Iуэхухэмрэ телажьэ акционер зэгухьэныгъэ зыбжанэм я тхьэмадэу. Пенсэ ныбжьым зэрынэсрэ зыкъом щIами, Хьэсэнбий зыкъилъытэжыркъым и Iэщ1агъэм нэхъ хуэгущIыIэ хъуауэ, абы ноби жыджэру егъэлажьэ «Троя» проект-ухуакIуэ фирмэр.

ЗэрыгурыIуэгъэщи, лъабжьэ здэщымыIэм щхьэкIи щыIэкъым. А хабзэр щынэрылъагъуэ Хьэнэхэ я унагъуэми.

Хьэнэ-хьэжыжьыр

КЪУЭГЪУЛЪКЪУЕЙ щыщ Хьэнэ Мацу нэхъыбэм къызэрацIыхур Хьэнэ-хьэжыжьыр е Мацу-ефэндышхуэут. Абы и адэ Хьэжмырзэ Джылахъстэней къиIэпхъукIат. Ар къызыхэкIа Хъан хьэблэ жылэр, Чичаговым 1744 гъэм зэхилъхьа картэм зэритымкIэ, Сунжэ псым и Iэгъуэблагъэхэм щыпсэуэрт, Батмырзей, Хьэпцлей, Кургъокъуей къуажэхэм пэмыжыжьэу, ауэ, сыт и щхьэусыгъуэми, Хьэжмырзи, абы къыщIэхъуахэми псэупIэ яхуэхъуар Къуэгъупъкъуейт. Хьэжмырзэ и бынитхум сыт лъэныкъуэкIи Мацу нэхъ къыхэщырт. Псом хуэмыдэу еджэным зэрыхуэпабгъэмкIэ. Хьэжмырзэ хуэщIауэ псэурти, щIалэ цIыкIум и хуэпсапIэм гу щылъитэм, абы лъэпощхьэпо Iэджэ пыщIами, тегушхуэри, и къуэр Истамбыл еджакIуэ игъэкIуащ. Мацу зыщIэтIысхьа университетым щIэныгъэфI щызригъэгъуэтат, езыр егугъуу еджати, студент нэхъ жыджэрхэм хабжэу еджапIэр къиухат. ЩIэныгъэм зи гур ета щIалэм тхылъ куэди зэригъэпэщат университетым щIэсхуэу. Ахэр дауэ Истамбыл къигъэнэнт, къыздишэкри къэкIуэжащ. Пэжу, ар текIуэдэж пэтащ цIэрыIуэ хъуа и библиотекэм. ВластыщIэр зыгъэуэвахэм библиотекэри биийхэм хатхэри, тхылъхэр ягъэсат. Абы щыщу мафIэм имысу къэна чытап закъуэр Мацу ипхъу Катя илъэс Iэджэкlэ ихъумэжащ пщIэшхуэ хуищIу.

Хэплъыхьщ, хэплъыхьри...

ДИ АНЭШХУЭР дин щIэныгъэ зиIэхэм ящыщти, Хьэнэ-хьэжыжьыр фIыуэ ицIыхурт, и хъыбар куэди ищIэрт. А хъыбархэм ящыщ зыщ мыри.

Хьэнэ-хьэжыжьым зы къуэ закъуэт иIэри, нысэ хъишэну мурад щищIым, тIысри егупсысащ: «Сэ Къэбэрдей псом сыкъацIыху, кьыскIэлъыкIуэхэри мащIэкъым. Нысэ мыхъумыщIэ си унагъуэм кьихьэмэ, ди Iуэхур зэIыхьауэ аращ. Сежьэнщи Къэбэрдейр къызэхэскIуныщ, си благъэ, си ныбжьэгъу, си щIыхугъэхэм я деж сыкъыщIывыIэурэ. Езыхэри ззэгъэлъагъунщ, нысэ тхузэхъуни къэслъыхъунщ».

Арати, хьэжым и шы-уанэр зэщIилъхьэри ежьащ. Къуажэ-къуажэхIэрэ къызэхикIухьурэ, фIыуэ ильагъухэми яхуэхьщIауэ, мыр нысэ схуэхъунщ жьихуиIи имыгъуэтауэ къызэкIуэжьым, Анзорей къыдыхьэри, и цIыхугъэ Дэлэл Дыкъуэхэ я унагъуэм щепсыхащ, слъагъунхэщ, тIэкIуи зызгъэпсэхунщ жиIэри. ГуфIэнтэкъэ хьэжы цIэрыIуэр хьэщIапIэ зыхуэкIуахэр. Къажьихьу ягъэхьэщIэу щIадзащ. Iэнэр къытезыгъэувэ хъыджэбз цIыкIуитIыр щилъагъум, хьэжым игу къэкIыжащ нысэ лъыхъуэ къызэрежьар, арщхьэкIэ, зыплъыхъуэр абыхэм хуэмыдау къиIулъытэжри, япэщIыкIэ гулъытэ щIагъуэ яхуищIакъым. Ауэ я Iэбэкlэм, я псалъэкIэм, яхэлъ гъэсэныгъэм хуэмхуэмурэ гу щылъитэм, егупсысащ: «Уэлэхь, Къэбэрдей псор къыщIысзэхэскIухьар мыбдеж, тпэгъунэгъу дыдэу, къыщIызгъуэта сфIощIмэ. Тобэ, тобэ! Ялыхь, сыщымыуэу къыщIэгъэкI».

...Апхуэдиз хэплъыхь зыщIа Хьэнэ-хьэжыжьым хъуэхъуакIуэ къыхуэкIуэ къуажэдэсхэм я дамэр драшейуэрэ зэплъыжьырт, мыра мыбы мыпхуэдизрэ къиIулъхуар, мы ди хьэжыжьым и щхьэм зыгуэр имылажьэу пIэрэ дэ дымыщIэ щхьэкIэ, жьихуаIэу. Апхуэдэу щIэгупсысэм нэхъапэкIэ къэхуа Iуэхухэрэ храгъэубыдэрт. Езы Мацу-хьэжьшхуэми щхьэгъуэ ищIауэ щытар зи пIыр аукла фызабэт, хъыджэбзищ щIэсу. ФIэгуэныхь хъуат сабий зеинщэхэр. Абы нэмыщIыжуи жьэн уэ зыпкърыт факъырэ лIыжьым дэщIыгъуу къэзыкIухь щIалэ цIыкIур къыIихри ари и бынхэм ядипIат. Iуэху къызэрыгъэкIт уи бынипIым нэмыщIкIэ, ууей дыдэм хуэдэу, хамэ сабиипIл щIыпIу! Ауэ Алыхьми, цIыхуми я пащхь псэ къабзэкIэ ит хьэжым ищIэр езым ищIжьырт. Иджы-щэ? Иджы илэжьари пса-лъэмакъ къызэрыкIа Iуэхут. И къуэ закъуэм, зэрыжаIэу, урыс щIэ-ныгъи, дин щIэныгъи зригъэгъуэта, и пхъуищым я напщIэ телъ я дэлъху цIэрыIуэм къыхуишар сытым ещхьт! Пэжу, уеплъынкIэ лъагъуГуаф1эт, ауэ хуабжьу Iэмащ1элъэмащ1эт, хъыджэбз фIыщIэ къуэгъу цIыкIут. Уей-уей жезыгъэIэ зэшIыпхъуищ1ар я гуапэ хъунт апхуэдэ нысэ къыдалъагъуну?! Сабэр драпхьейрт, щэхуу я адэм хуэдэлашхэурэ. Арщхьэкlэ хьэжым мыбдежми езым щищIэж къыщIэкIынт хэплъыхьищэм къыхихар зихуэдэр. И нэ щIыбагъкIэ зыгуэрхэр къыхужаIэми, къьбгъэдэувэу зыгуэр къыпэзубыдыфын зэрыщымыIэр хэплъытэмэ, нысащIэ къуэгъу цIыкIур и лъэгъунэм быдэу къызэрыщIэтIысхьар гурыIуэгъуэт.

ТIитI щхьэгъусэ хуэхъуа Билад щIалэ щхьэпэлъагэт. И адэ хьэжышхуэр зэрыжьжьэрыплъэм къыхэкIыу, абы щIэныгъи игъуэтат. ЦIыхухэм къыхужаIэнкIэ хъунумкIи мыплъэу, хьэжьм и щIалэ закъуэр къэзакъ станицэм дэс и ныбжьэгъум деж ишэри щигъэIат - урыссыбзэ ирагъэщIэну, урыс школым щрагъэджэну. Урыс щIэныгъэ игъуэта нэужь, Билад и адэм къыхуашэжауэ щытащ адыгэ хабзэм тету. Зэкъуэшхэм хуэдэу зэхуэгумащIэу кьекIуэкIащ иужькIи Хьэнэхэрэ Истоминхэрэ. Уеблэмэ, Хьэсэнбий епщIанэ классыр къыщиухар абыхэм я дежщ.

Мацу и мылъхупхъуэм хъыджэбз щIэрыIуэ къарыщIыкIат, зи фIыцIэр жьыжь нэIуса я анэм хуэфащэжьну. Куэдрэ дагъэсынт апхуэдэ хъыджэбзхэр?! Гъыхъуэхэр къыхуэзблэкIыу щIадзэри, унагъуэ ихьахэщ. Нобэ абыхэм я бынхэми, я бынхэм я быныжьхэми зыкъалъытэж Хьэнэхэ я унагъэшхуэм щыщу.

Нэхъ щIэрыIуэжт Мацурэ Чэбси щIыхугъэхэм я деж сыкъыщIывыIэурэ. Езыхэри ззэгъэлъагъунщ, нысэ тхузэхъуни къэслъыхъунщ».

Арати, хьэжым и шы-уанэр зэщIилъхьэри ежьащ. Къуажэ-къуажэхIэрэ къызэхикIухьурэ, фIыуэ ильагъухэми яхуэхьщIауэ, мыр нысэ схуэхъунщ жьихуиIи имыгъуэтауэ къызэкIуэжьым, Анзорей къыдыхьэри, и цIыхугъэ Дэлэл Дыкъуэхэ я унагъуэм щепсыхащ, слъагъунхэщ, тIэкIуи зызгъэпсэхунщ жиIэри. ГуфIэнтэкъэ хьэжы цIэрыIуэр хьэщIапIэ зыхуэкIуахэр. Къажьихьу ягъэхьэщIэу щIадзащ. Iэнэр къытезыгъэувэ хъыджэбз цIыкIуитIыр щилъагъум, хьэжым игу къэкIыжащ нысэ лъыхъуэ къызэрежьар, арщхьэкIэ, зыплъыхъуэр абыхэм хуэмыдау къиIулъытэжри, япэщIыкIэ гулъытэ щIагъуэ яхуищIакъым. Ауэ я Iэбэкlэм, я псалъэкIэм, яхэлъ гъэсэныгъэм хуэмхуэмурэ гу щылъитэм, егупсысащ: «Уэлэхь, Къэбэрдей псор къыщIысзэхэскIухьар мыбдеж, тпэгъунэгъу дыдэу, къыщIызгъуэта сфIощIмэ. Тобэ, тобэ! Ялыхь, сыщымыуэу къыщIэгъэкI».

...Апхуэдиз хэплъыхь зыщIа Хьэнэ-хьэжыжьым хъуэхъуакIуэ къыхуэкIуэ къуажэдэсхэм я дамэр драшейуэрэ зэплъыжьырт, мыра мыбы мыпхуэдизрэ къиIулъхуар, мы ди хьэжыжьым и щхьэм зыгуэр имылажьэу пIэрэ дэ дымыщIэ щхьэкIэ, жьихуаIэу. Апхуэдэу щIэгупсысэм нэхъапэкIэ къэхуа Iуэхухэрэ храгъэубыдэрт. Езы Мацу-хьэжьшхуэми щхьэгъусэ ищIауэ щытар зи пIыр ауклa фызабэт, хъыджэбзищ щIэсу. ФIэгуэныхь хъуат сабий зеинщэхэр. Абы нэмыщIыжуи жьэн уэ зыпкърыт факъырэ лIыжьым дэщIыгъуу къэзыкIухь щIалэ цIыкIур къыIихри ари и бынхэм ядипIат. Iуэху къызэрыгъэкIт уи бынипIым нэмыщIкIэ, ууей дыдэм хуэдэу, хамэ сабиипIл щIыпIу! Ауэ Алыхьми, цIыхуми я пащхь псэ къабзэкIэ ит хьэжым ищIэр езым ищIжьырт. Иджы-щэ? Иджы илэжьари пса-лъэмакъ къызэрыкIа Iуэхут. И къуэ закъуэм, зэрыжаIэу, урыс щIэ-ныгъи, дин щIэныгъи зригъэгъуэта, и пхъуищым я напщIэ телъ я дэлъху цIэрыIуэм къыхуишар сытым ещхьт! Пэжу, уеплъынкIэ лъагъуГуаф1эт, ауэ хуабжьу Iэмащ1элъэмащ1эт, хъыджэбз фIыщIэ къуэгъу цIыкIут. Уей-уей жезыгъэIэ зэшIыпхъуищ1ар я гуапэ хъунт апхуэдэ нысэ къыдалъагъуну?! Сабэр драпхьейрт, щэхуу я адэм хуэдэлашхэурэ. Арщхьэкlэ хьэжым мыбдежми езым ищIэж къыщIэкIынт хэплъыхьищэм къыхихар зихуэдэр. И нэ щIыбагъкIэ зыгуэрхэр къыхужаIэми, къьбгъэдэувэу зыгуэр къыпэзубыдыфын зэрыщымыIэр хэплъытэмэ, нысащIэ къуэгъу цIыкIур и лъэгъунэм быдэу къызэрыщIэтIысхьар гурыIуэгъуэт.

ТIитI щхьэгъусэ хуэхъуа Билад щIалэ щхьэпэлъагэт. И адэ хьэжышхуэр зэрыжьжьэрыплъэм къыхэкIыу, абы щIэныгъи игъуэтат. ЦIыхухэм къыхужаIэнкIэ хъунумкIи мыплъэу, хьэжым и щIалэ закъуэр къэзакъ станицэм дэс и ныбжьэгъум деж ишэри щигъэIат - урыссыбзэ ирагъэщIэну, урыс школым щрагъэджэну. Урыс щIэныгъэ игъуэта нэужь, Билад и адэм къыхуашэжауэ щытащ адыгэ хабзэм тету. Зэкъуэшхэм хуэдэу зэхуэгумащIэу кьекIуэкIащ иужькIи Хьэнэхэрэ Истоминхэрэ. Уеблэмэ, Хьэсэнбий епщIанэ классыр къыщиухар абыхэм я дежщ.

Мацу и мылъхупхъуэм къыхь

нэжэгужагъэмрэ зэхэтыкIэ дахэмрэ къыщежьэр

Iэнэм къэдгъэзэжа нэужь, хьэщIэм хуэмыкухьижу иIэтэжырт илъэгъуамрэ адыгэ шхыныгъуэхэм теухуауэ ещIыдахэмрэ. Ауэрэ зым нэхърэ адрейр нэхъыбIыжу нэгъуэщI адыгэ ерыскъыгъуэхэри къытхуахьщ, зи гукъыдэжым пльагъуурэ хэхъуэ ди хьэщIэ цIыхубзыщхъэм и бзэр нэхъри утIипща хъури, адыгэ хабзэм ущымыгъазэм куэдрэт, Iэнэм и тхьэмадзу щыс Бубэ лIы къуэгъу цIыкIур тегушхуэгъуафIэ ищIыну яужь ихьащ. Арщхьэкlэ, пoри зыфIэлIыкIыу и нэ щIыбагъкIэ Бубэ-цIыкIукIэ зэджэ лIы мэхъэшам ар къыпхуидэнт - хьэщIэм и гушыIэхэр нэхъ щIэгъэщхъуэжауэ игъэлъеижрэ къытегушхуэну хуежьар гъунэ къыдимыгъэплъу щыхуежьэм, хэкIыпIэ хъаржынэу къилъытэри, цIыхубзым и гушыIэхэр трилъэщIэжащ: «Мыпхуэдэ ерыскъыкIэ фагъьашхэрэ мопхуэдэ цIыхубзхэр фхуэпщафIэу, фэ дауэ фымылIыхъужьынрэ?!» Абы ирихьэлIэу дызыщIэх пэшышхуэм и бжэр зэIужри, «мопхуэдэ цIыхубзыр» къытхэхьащ, сыхьэнышхуэ пIащIэ зыIыгъыу пщафIитI яужь иту. Нэхъыжьым хуит зыкъригъэщIри, гъащIэ гъэугу теувэ ныбжьыщIэхэми, ди хьэщIэ лъапIэми дахэу къыдэхъуэхъуащ. Ар нэхъ дахэжу урысыбзэкIэ зэридзэкIыжьыфынтэкъэ ди тхьэмадзм! Арати, ди хьэщIэр нэхъ гумащIэж къэхъури, къыщылъэтащ: «Сэ щыпIэ Iэджэм сыщыIащ, ауэ ресторанымрэ мыпхуэдэ хабзэ щекIуэкIыу зэи слъэгъуакъым, сыту зэхэтыкIэ дахащэ фиIэ! КъэсщIэну сызыхуейр зыт: ми иджыпсту екIуэкIар ресторанымрэ и ялэным хьихьэрэ хьэмэрэ езы цIыхубзхэм я жэрдэм?»

Нэхъыжьрат хьэщIэм зызыхуигъэзари, Бубэ жэуапым куэдрэ егупсысакъым: «Апэрауэ, мы дызыщIэс рестораным зэреджэр «Кавказщ». ЕтIуанэрауэ, ресторан пщэфIапIэм и гуащэр Шоцэщ, къыдэхъуэхъуаращ. А тIур зыуэ къапщтэмэ, фIагъ куэд щызэхуэхьэса жиIэу къикIыу къэплъытэ хъунущ. Аращ мыбы щызэрахьэ шхыныгъуэхэми, щызекIуэ хабзэхэми я пIалъэкъэр».

Пэж дыдэу, а зэманым «Кавказым» дыщIэсащ жызыIэм нэхърэ Шоцэ деж дыщыIащ жызыIэр нэхъыбзт. «Кавказым» иIэ пщIэри, и цIэрыIуагъэри зэпхар Шоцэ и цIэрауэ жыпIэми, ущыуэнутэкъым. Пэжу, ар «Эльбрус», «Налшык», «Россия» ресторанхэми пIалъэкIэрэ ягъакIуэрт, абыхэм я лэжьыгъэр иригъэфIэкIуэн папщIэ, ауэ и унэ етIуанэу илъытэжыр «Кавказырт».

Шоцэ хъужьыр Хьэнэ Билал ипхъу нэхъыжь, пщафIэ цIэрыIуэу къекIуэкI Абазэ Шоцэт. Ноби, и ныбжьыр илъэс 90-м нэсами, КъБР-м сатумкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ди нэхъыжьыфIыр лъэрытетщ, и Iэху Iыхьэ езым ищIэжу. «Си щIалэр дунейм зэрехьжрэ си пIэр нэхъ щIэхуащ, армыхъумэ, къыззэуэшхуи щыIэжым, - жеIэ абы. - Тхьэм и шыкуркIэ Арсен щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ къыщIэнащ. Ахэращ си гурыфIыгъуэр».

Арсен Москва дэт инженерухуакIуэ институтыр къиухат, ди республикIэм и мызакъуэу, Урысейм и щIыпIэ зыкъомми къыщащIыхурт. Шоцэ ипхъу ФатIимэщи, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, дохутыр цIэрыIуэщ. Москват щеджари, абы къагъэнэжауэ институтыр къыззриухрэ Урысейм и къалащхьэм щолажьэ. Иужь илъэсхэм ар хамэ къэрал фармацевт фирмэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым Урысейм щиIэ Iуэхущ IапIэм и унафэщIэжм. Шоцэ къыкIэлъыкIуэ Цоцэ къыхихар дохутыр Iэщ Iагъэрати, и насып зыхэлъри дохутыру къыщIэкIащ. И щхьэгъусэ Балъкъэр Антон рентгенологт, езы Цоци «Налшык» курортым щылажьэрт. Абы щыIащ пенсэм кIуэхукIи, илъэс къэс саугъэт лъапIэхэр, щытхъу тхьылъэр къыхуагъэфащэу. Антонрэ Цоцэрэ япхъу нэхъыжь, Долхэ я нысэ Маринии къыхихар и адэ-анэм я IэщIагъэрщ. Ар илъэс куэдкIэ Налшык къалэ сымаджэщым щылажьащ, мы зэманым ещанэ поликлиникэм и унафэщIщ, КъБР-м щыIэх зиIэ и дохутырщ.

Маринэ и шыпхъу нэхъыщIэ Лаурэ Киев щеджащ, и Iэщ Iагъэр зэпхар хьэщIэщхэм я лэжьыгъэр къыззэгъэпэщынырщ. Илъэс зыкъом хуауэ Москва щолажьэ.

ЩIалэхэм я нэхъыжь Владимир щIалэ жант, гумызагъэт. Зэреджэм хуэдэурэ ар Сальск дэт мэкъумэш техникумым и комсомол организацэм и секретару лажьэрт. Техникумым къагъэнэжырт егъэджакIуэуи, и адэм идатэкъым, уэ щIапIэжьым уисыну къыптохуэ, къагъэззэж, жиIэри. Адэм и псалъэр тIу ямыщIу щыунафэт унагъуэми, къэкIуэжри псэухукIэ къуажэм дэсащ, «Урыху» совхозым и инженер нэхъыщIхьэу, хозяйствэм и профкомым и унафэщI. Совхозым и ехъулIныгъэхэм Володя и фIыщIэ ини зэрыхэлъыр кьалъытэри, абы къыфIащауэ щытащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и механизатор» цIэ лъапIэр. Владимиррэ и щхьэгъусэ Риммэрэ бынипIэ зэдапIати, я нэхъыщIэ Мурат лъапсэжьым исщ, унагъуэр къызэхуэсыжмэ, гуапэу иригъэблагъэжу. Хъыджэбз нэхъыжь Идэ химикщ, Iэфынкlэ щIыпмыкIэ Iэщ IагъэлIщ. Унагъуэ хъарзынэ иIэщ. И бынищми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэзэтащ. И къуэ Къаирбэч, и адэ Адыгэунэ Аскэр щапхъэ трихагъэнщ, спортми щыцIэрыIуэщ. ЩIалэгъуалэм я дунейпсо чемпионатым бэнэныбкIэ етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Иэз сатумрэ бизнесымкIэ институт Ленинград къыщиухащ, и Iэщ Iагъэмкlэ мэлажьэ. И щIалитIыр - Жылокъуэхэ Амиррэ Замиррэ спортсмен ехьэжьахэщ, институт къауауэ, тIури тренеру мэлажьэ. Я шыпхъу нэхъыщIэр экономисту Владикавказ щоджэ.

Владимир и щIалэ нэхъыжь Нартмири щIэныгъэм хуэгурыхуэхэм ящыщщ. Курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ къиухащ, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтыр диплом пльыжькIэ къиухащ. Институт нэужьым, зэман мыкIыхьым къриубыдэу, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, доктор хъуащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Нартмир хахащ Тимирязовым и цIэкIэ щыIэ мэкъумэш академием и кафедрэм и унафэщIу. И ныбжьым емыльытауэ пщIэшхуэ къыхуащIу и Iэнатlэр ирехьэкI. И щхьэгъусэ ФIатIимми щIэныгъэхэм я кандидатщ, медикщ, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щолажьэ.

Будёнэ нэхъ гъащIэ мащIэт зэдэлъху-зэшыпхъуэхэм ящыщу. Езым и гум дагъуэ зэриIэр ищIэжырти, Ростов дэт медицинэ институтым щIэтIысхьат, дохутыр Iэщ Iагъэ зригъэгъуэту, гууз зиIэхэм сэбэп яхуэхъун мурад иIэу. КардиологиемкIэ центр Налшык къызэрыщIэзIуахам хуабжьу щыгуфIыкIат. Абы и дохутыр нэхъыфIхэм хабжэу лажьэрт щабэу псалъэу, и гулъытэр дэни нэсрэ дэтхэнэ зы сымаджэми и Iыхьлы Гъунэгъум хуэдэу зригъэлIалIэу. Уи псэр ебгъэшх хъунущ хужаIэрт сымаджэхэм, и лэжьэгъуэр гуапэу къыхущIыт. «За трудовое отличие» медалыр къыщратам, Будёнэ абы хуэмыфащэу къэзылъыта сымаджэщым щIэтэхэм къаэкIатэкъым.

И адэм и Iэщ Iагъэр къыхихыжащ ипхъу Светлани. Ар илъэс зыбжанэ хуауэ Москва щолажьэ.

Хьэсэнрэ Хьусенрэ зэтIолъхуэныгъуэр, ауэ зэпэгъунэгъуу зэрыпсэуи нэхъыр, гъащIэм зэпэжьажьэ зэрищIыр нэхъыбзщ. Хьусен ди университетым и инженер-техникэ факультетыр къиуха нэужь, Тыркумэным щыщ Чарджоу къалэм къыщыхутауэ щытащ. Абы зыкъомрэ щыщIэжьауэ къигъэзэжри, Налшык дэт предприятэхэм пенсэм кIуэху инженеру щылажьащ. И щхьэгъусэ Лерэрэ абырэ бынищ яIэщи, щыщ щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ. Зауррэ Тамарэрэ ди республикэм щолажьэ, Зубер Иркутск щыIэщ, ухуакIуэ управленэм и механик нэхъыщхьэщ.

Хьэсэн армэ нэужьым псэупIэ хуэхъуар Прохладнэ къалэрщ. Гъущ Iуэзгу транспортым епхауэ илъэс куэдкIэ лажьащ. Езым гушыIэрэ зэрыжиIэщи, къэзакъ нэхъ цIэрыIуэхэм хабжэ щIалэщ. И къуитIри хуэмыхухэм ящыщкъым. Аслъэн къалэм и таксомотор хозяйствэм и механикщ, Артур и адэм и лъэужьым ирикIуащ. Ростов дэт университетыр къиуха нэужь, абы Прохладнэ депом инженеру лэжьэн щыщIидзэри, лэжьыгъэм зэрыхуэшэрыуэр, и Iэщ Iагъэм куууэ зэрыхищIыкIыр псынщIэ дыдэу наIуэ къищIащ. Япэщ Iыкlэ абы дзыхь къыхуащIащ Прохладнэ депом и унафэщI къулыкъур, итIанэ, нэхъри драгъэкIуэтэри, Минвод ягъэкIуащ. Мы зэманым Артур Ростов щолажьэ, Кавказ Ищхъэрэм и гъущ Iуэзгухэм и Iэнатlэ нэхъ гугъуэхм ящыщ зым и унафэщIщ, гъущ Iуэзгу службэм и генералщ.

Хьэсэнрэ Хьусенрэ къакIэпъыкIуэр ди тхыгъэр къызэрыщIэддза, КъБР-м щыIэх зиIэ и уэхакIуэ Хьэнэ Хьэсэнбийщи, абы и унагъуэри тхьэм узэрелъэIунщ. И щхьэгъусэ Светланэ биологие щIэныгъэхэм я кандидатщ, илъэс куэдкIэ мэкъумэш академием щылэжьащ.

Хьэсэнбийрэ Светланэрэ япхъу нэхъыжь Иринэ школыр дыщэ медалкIэ, университетыр диплом пльыжькIэ къиухащ, медицинэ щIэныгъэхэм я докторщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессорщ. Абы и пхъуж Лани ящыщщ школыр къыщиухым дыщэ медаль зыхуагъэфэщащэхэм. Мы зэманым Москва юристу щоджэ.

Хьэсэнбий ипхъу нэхъыщIэ Ланэ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, доцентщ.

Я унагъуэ дахэм хуэфэщэжьым шыгъуэгу хадэ дахи зэрахьэ Хьэсэнбийрэ Светланэрэ, имыт щымыIэу, уеплъу узэрыщыт къудейм гухэхъуэ къуиту. «Хьусен и хадэ зекъкIэм щапхъэ тетхауэ аращ, - жеIэ Хьэсэнбий, - абы щIы и куэдщи, пхъэщхьэмыщхьэ егъэкI, дэ диIэр хадэхэкI щыдгъэкIын тIэкIущ, ауэ зым имыIэр адрейм и деж къыщицтэ мэхъури, ди Iуэхур тынщщ».

Хьэсэнбий ныбжькIэ къыкIэлъыкIуэ Женярэ Жаннэрэ (абыхэм Пагэрэ ГъащIэкIи йоджэ) зэтIолъхуэныкъуэщ, къыхахари зы Iэщ Iагъэщ. Школ нэужьым тIури зэгъусэу политехникумым щеджащ. Iэщ Iагъэ зрагъэгъуэта иужь, Женя «Телемеханика» объединеэм щылэжьащ пщIэрэ щыгъуэ иIэу. Жаннэ Музыкэ театрыр къызэрызэIуахрэ абы и радиоузелым и унафэщIщ, театрыр зэфIэувэным зи гуащIэ ин хэзылъхьахэм ящыщщ.

Женя и щхьэгъусэ Елджар Амырхъан спортсмен цIэрыIуэт. Абы и цIэкIэ иджы илъэс къэс республикэм волейболымкIэ зэхьэзэхуэ щрагъэкIуэкI. Спортсмен хуэмыхутэкъым я щIалэ Анзори. Ар республикэм и футбол командэ зыбжанэм щыджэгуащ, Налшык и «Спартакри» хэту, футболымкIэ спортым и мастерщ. Мы зэманым юристу мэлажьэ. Анзор и шыпхъу ФатIимэ тхыдэджщ, илъэс зыкъом щIауэ Москва щопсэу икIи щолажьэ.

Жаннэ и бынхэри адэ-анэм я къуагъым къызэсхэм ящыщкъым. Лейла илъэс зыкъом хуауэ Москва щопсэу, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, Плехановым и цIэкIэ щыIэ институтым и профессорщ. Урысей Президентым деж щыIэ финанс университетми щрегъаджэ.

Алим нэхъ жьыжьэ кIуэцIрыкIащ. Щысабийм щыщIидзауэ и адэ, график цIэрыIуэ Пащты Герман и мастерскэйм къыщыхъуа щIалэр сурэт щыным пасэу дихьэхат. Абы къыхэкIыу, курыт школыр къиуха нэужь, Iэщ Iагъэ ищIынум куэдрэ егупсысакъым, гъуэгуанэ (искусствэм) щыхурагъаджэу Красноярск дэт институтымкIэ иунэтIат. А еджапIэр нэхъ къыщIыхихам Герман абы егъэджакIуэу зэрыщIалажьэри хэлъ къыщIакIынт. Институт нэужьым, ар нэхъыфI дыдэу къэзыухахэм ящыщти, Алим Германием агъэкIуащ и щIэныгъэм абы щыпищэну. Германием гъуэгуанэм узыщыхуеджэ хуэщIэр къиухри, Алим абы къэнэжауэ щолажьэ, сурэтыщI, скульптор цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ. Ар хэтащ Европэ къэралхэм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэ пщIы бжьыгъэхэм, зэпеуэ Iэджэм бжьыпэр щиубыдащ. Алим и Iэдакъэщ Iэкlхэм ящыщщ дуней псом нэхъ ин дыдэу ящащIыльытэу Халл къалэм и музейм щIэт вазэр.

Зи лэжьыгъэхэм Пащт-Хъан унэцIэр щIэзыдзыж Пащты Алим къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз сурэтыщI» цIэ лъапIэри.

- Ди анэр цIыкIу щхьэкIэ дахэт, - жеIэ Жаннэ пыгуфIыкIыуэ, - апхуэдизкIэ цIыху гъэсат ари, ину псалъэу е ину дыхьэшхыу игъащIэм зыми илъэгъуатэкъым. Ди адэри псалъэрейтэкъыми, псалъэншэу зэгурыIуэрт тIури. Ауэ ди адэм и псалъэм зэи зыри пэрыуэртэкъым. ЗыгуэркIэ дызэранарэ ди анэм «фи адэм жесIэжьинщ» къыджиIамэ, зэуэ щэнэфIэ дихьэжьырт, апхуэдизкIэ ди адэм дыфIэлIыкIырти. Ди анэм абы хуищI пщIэр тлъагъурти, дэри апхуэдэу дихуущытын хуейуэ къэтлъытэрт. Абы ди адэм хуэгъэзауэ псалъэ Iей жиIэн дэнэ къэна, нэгъуэщI гуэрми ебгауэ е хуэпсэлъауэ зэхэтхакъым ди адэми игъащIэм зыхьдигъэзакъым зы псалъэ дыджи, зы хъуани. Псалъэншэу къыгъуэткIийт. Шхэну къыщIыхьэжамэ, псоми лъэныкъуэ зедгъэзырт. Ар къэтэджыжа нэужь дэ Iэнэм дыщыпэрытIысхьэр. ЗэрыбынипщI махуэ къэс щэ бгъэшхэну тыншт? ДиIэ тIэкIур Iэфlу тхуипщIэфIырт ди анэми Iэнэм къытригъуэвэрт. Езыри къытщхьэщытт шхэн дыухыху. КъыддэтIысу зэи къыддэшхэртэкъым. Мышхэу кьыщынэр нэхъыбзт. Ар иужькIэт къыщыдгурыIуэжар.

ТIэкIу дыкъыдэкIуэтэйуэ ди щхьэ бадзэ тетхужьыф дыхъуа нэужь, ди адэ-анэм нэхъ дащыхсхьэн зэрыхуейр нэхъ къыдгурыIуэ хъуат, тIэкIри защIэдгъэкъуэфырт. Ауэ, сыт хуэдэу щымытми, студентитхуэхы зэуэ нэгъуэщI къалэхэм щебгъэджэныр мыбдеж щылътэкъым. ЩIалэхэм стипендие къратамэ, зы бэлыхь къахэхъуам хуэдэу, ди анэм къыхуахьырти къратырт гуфIэжу, дэри дызыщыгуфIыкIын гуэрхэр къытхуащэхурт. Дэнэ ихьынт ахъшэр ди анэм, езыхэм ятригъэкIуэджырт. Хуэмыгъэзахуэу бэлыхьыр ишэчырт. Сэри тIэкIу защIэзгъэкъуэнщ жысIэри, зэгуэрым сэри стройкэм сыкIуат. Хьэсэнбий щыIэт абы прорабу, зэреджэм хуэдэурэ лажьэуи, къыстекIиери сыкърихужьэжат, мыр уэ лэжьапIэ пхуэхъунукъым жиIэри.

Сыт хуэдиз къигузэвэн хуей мыхъуами, ди анэр зэи тхьэусыхэрэ тэкъым. Псори зыгуэрурэ зэхуигъэхъурт. Лажьэ зэпыт фIэкIа, куэбжэпэм дэкIыу игъащIэм фыз уэршэрым яхьихьатэкъым. Мы дунейм и джэлэсыр и унагъуэрауэ къыфIэщIт. Дэри абы дыдэмыпльеиплэр иIэт?! Псори тхузэхэмылъхьами, абы хэпльхэм щыщ куэд дэри къытхуэнащ, дыщыщыуэхэм деж дигу къэкIыжрэ къыдигъэгъэзэжу.

Зи анэр зыфIэмыдахэж щыIэкым. Сэри сыапхуэдэу къыщIэкIынщ, ауэ бгырыс цIыхубзым и теплъэ, и хьэл-щэн къэзгъэльэгъуэну къаланэ къыщащIамэ, сэ ди анэм и сурэтыр сщIынт, абы нэхърэ нэхъыфIу ар къыззэрыбгъэльэгъуэфын щымыIэу къэслъытэу. КъысфIощI адыгэ цIыхубзым пэпщI хъун нэгъуэщI гуэри щымыIэу. Абы занщIэу согупсыс «адыгэ щыIэж иджы сытми?» жаIэу зыгуэркIэ зыгуэрым деж. Сыт щIыщымыIэжыр? Адыгэм укIытэ жыхуэпIэр ещIэ иджыри. Адыгэ анэхэри, Тхъэм и шыкуркIэ, кIуэдыжакъым. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу си адыгэмрэ си лъэпкъ цIыкIумрэ сыт щыгъуи зэрыщыIэнур. Абы и щыхьэткъэ, псалъэм папщIэ, зы пщыхьэщхьэ ди къуэрылъхумрэ ди пхъурылъхумрэ адыгэ фащэ къэкIуэхэр ящыгъуэ утыкум кIихьэу си дэлъхум гуэхэуэу адыгэбзэкIэ къызэрехъуэхуар. А тIур илъэс бгъуэрыбгъуэ хъууэ аращ, къызэралъхурэ зыр Германием, зыр Москва щопсэу. Абы къикIыраци, дэ дызымыгъэкIуэдыжын къару ди лъым хэтщ иджыри, ар дымыгъэупщIыун хуейуэ аращ. Мы дунейм теткъым уи бзэм хуэдэу уи гур хэзыгъэхъуэн, уи хэкум хуэдэу уи щхьэр щылъэпIэн».

Жаннэ и псалъэхэр абдеж щызэпыдгъэунщи, унагъуэм я нэхъыщIэ Адэлбий теухуауэ псалъэ зытIущ ди тхыгъэм щIыдгъужынщ. Адэлбий техникэм пыщIа инженерщ. Университет нэужьым Прохладнэ къалэм лэжьэн щыщIидзащ. Мастеру, прорабу, участкэм и унафэщIу щытащ. ИужькIэ Налшык къэлэпхъуэжри, ухуакIуэ управленэм и инженер нэхъыщхьэу, пхъэхэкIэр щащэ базэм и директору лэжьащ. Иужь илъэсхэм ар КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыIащ электричествэм пыщIа ухуныгъэ инхэр езыгъэкIуэкI Iуэхущ Iапхэм я унафэщIу. Иджы Адэлбий апхуэдэ дыдэ лажьыгъэхэр щрегъэкIуэкI Урысейм и КъуэкIыпIэ лъэныкъуэм хиубыдэ щIыпIэхэм. Гурыгуэгъуэщ абыкIи къыщIашар зэфIэкI ин зэриIэм зэрыпыщIар.

Адэлбий и щхьэгъусэ ФатIимэ биологщ. Я щIалэм мэкъумэш институтыр къиухауэ хьэрычэтыщIэщ, я хъыджэбзыр экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, илъэс зыбжанэкIэ агромелиоративэ академием щригъэджащ, мы зэманым Москва щопсэу, нэхъапэIуэкIэ Звенигород къалэм и администрацэм и унафэщIу, Москва областым экологиемкIэ и министру щыта, иджыпсту Урысейм и къалащхьэм къулыкъу щызыщIэ и щхьэгъусэм щIыгъуу, сабиищым я анэщ.

ХьэНЭ-ХьЭЖЫЖЫМ адрейхэм ямыщIэ гуэр ищIэ къыщIэкIынт Дэлэлхэ япхъу Iэмащ Iэлъэмащ Iэ цIыкIур нысэ ищIыну мурад щищIам. Ар зэгупсыса псом ТIитI, шэч хэмылъу, щыгъуэзагъэнкъым, ауэ хьэжьым и хъуэпсапIэм псэухукIэ телэжьауэ жьпIэми Ущыуэну къыщIэкIынкъым: Хьэнэхэ я лъэпкъыр абы игъэбэгъуащ хъыджэбзипIрэ щIалихкIэ, езыр зыхуэдэмыплъейуэ зыри яхэмытрэ цIыхур зэхъуапсэм хуэдэ защIэу. Абыхэм къалъхужахэр-щэ? ГъащIэгъуэнраци, ахэр нэхъ иныжщ, я зэфIэкIри езыхэм яхуэфэщэжу.

Дауи, къэгъуэтыгъуейщ гукъеуэ гуэр зимыIэ унагъуэ. Хьэнэхэ я унагъуэми апхуэдэ гуэрхэр илъ къыщIэкIынщ. Ауэ цIыху гъащIэм щынэхъыщхьэр ахэрахъым. Аращ абыхэм я гугъу щIэдмыщIари. Унагъуэ щыжьтIэжкIэ, абы и мыхьэнэр, и пщIэр кьрибгъэлъагъуэ хъуну къысфIэщIу, си тхыгъэм мы зыр щIыгъужынут: Хьэнэ Билалрэ анэ-лIыхъужь Хьэнэ ТIитIрэ къатепщIыкIауэ цIыху 70-м нэблагъэ хэтынущ Хьэнэ лъэпкъым мыгувэу зэхашэну ягъэхьэзыр лъэпкъ зэхуэсым. Ар езы ТIитI имылъагъужынуми, анэпсэр зэрыщыгуфIыкIынум шэч хэлъкъым.

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен.

ГъущI гъузгу къулыкъум и генерал Хьэнэ Артур.

Шоцэ ипхъу Абазэ ФатIимэ.

Дол Маринэрэ и къуитIымрэ - Азэмэтрэ Астемыррэ.

Хьэнэ зэхъуэшихым я адэ-анэм Псыхуабэ зыщрагъэпIыхьхь. *1967 гъэ*

Сурэтыщ цIэрыIуэхэу Пащтыхэ Германрэ Алимрэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ ГъуэзджэхэмкIэ музейм «Свой стиль» сурэттех гупым я IэдакъэщIэкIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн фокIадэм и 18-м къыщызэIуахат.

ХъэтI щхьэхуэ зиIэжхэр

ЩIЫУЭПСЫМ, къалэхэм, цIыхухэм, гъэм и зэманхэм я теплъэгъуэ дахэхэр къэзыубыдыфа сурэттеххэу Подвэ Александр, Вэрокъуэ Заур, Мокаев Тенджыз, Листопадов Евгений, Журт Хьэсэн, Къуэдз Регинэ сымэ я IэдакъэщIэкIэр зэпэджэжырт, ауэ щыхъукIи щхьэж и хъэтI зэрилIжыр щынаIуэт абы. Щхьэхуэр къыхэзгъэщыну сыхуейт, ди лэжьбэгъу Къарей Элинэ и сурэтилIкIэ а выставкэр зэригъэдэхар. Нэхъ ипэкIэ зримыпщытауэ, щIыуэпсым и теплъэгъуэ тельыджэхэр къызытещ сурэтхэр абы утыку кърихьащ.

- Мы гъэм епщыкIуплIанэу клубым я гъэлъэгъуэныгъэ къызэрагъэпэщри, утыку кърахьэ лъэжьыгъэхэр зым нэхърэ адрейм нэхъ ефIакIуэ зэпытщ. Ар куэдкIэ и фIыгъэу къызолъытэ а зэгухьэныгъэм и унафэщI Лукьяненкэ Иван. Ди республикэм и мызакъуэу, адрей щIыналъэхэми щыбгъэлъагъуэ хъун лэжьыгъэ куэд иIэщ клубым, - жиIащ зи гугъу тщIы зэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м и сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Темырканэ Геннадий.

«Свой стиль» сурэттех гупым я унафэщI Лукьяненкэ Иван и псалъэхэм я пэщIдзэу выставкэм кърихьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ.

- ФщIэну сыхуейт ди гупым хэтхэм я сурэтхэр нэхъ дахэу трахьн папщIэ псэзэпылъхьэпIэ щихуэ куэдрэ къазэрыхихуэр. Езгъэлеину къыщIэкIынкъым, ахэр хъэралым щынэхъыфIхэм ящыщу жысIэмэ, - къыхигъэщащ Лукьяненкэ Иван.

Сурэттех гупым хэт Байсиев Ахъмэт къыззрилъытэмкIэ, зы сурэттехи щыIэу къыщIэкIынкъым и Iэдакъэщ1экIхэр цIыхум яригъэлъагъуну хуэмейуэ.

- Лукьяненкэ Иван и фIыгъэкIэ сурэт техьным и пщIэр республикэм щыпIагъащ, уеблэмэ, адрей хэгъэгухэм я сурэттеххэм ефIэкI куэд диIащ, - жиIащ абы.

Жэпэгъуэм и 1 пщIондэ екIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэм гукъыдэж зиIэ псори еплъ хьунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

Махуэшхуэм и гуIэфIтещIэж

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэзкуу) - 0:0 (пенальтикIэ - 4:2). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 20-м. ЦIыху 2500-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Сиденков (Санкт-Петербург), Стипиди (Краснодар), Бочков (Сочэ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Муслуев, Шахтиев, Абазэ, Лелюкаев, Миронов, Пащты, Ахриев (Мэшыкъуэ, 67), Медников (Михайленкэ, 105), Гугуев, ЛIуп (Алиев, 74).

«Динамо»: Лещук, Цаллагов, Морозов, Шуньич (Хольмен, 46), Калугин, Сапетэ, Зотов (Соу, 75), Катрич, Ташаев, Луценкэ, Вандерсон (Обольский, 46).

Дагъуэ къыхуащIащ Катрич, Лелюкаевым, Соу, Сапетэ.

ИлЪЭС пщыкIутху ипэкIэ, 2002 гъэм фокIадэм и 14-м, мы командхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щызэхуэзат Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Абы щыгъуэм япэ лигэм (иджы - дивизионым) щыджэгу Налшык и «Спартак»-р, куэдым яфIэгъэщIэгъуэну, 2:0-у ефIэкIыфат премьер-лигэм хэт Мэзкуу и «Динамо»-м, Узденов Роман диГъэкIэ топитIым я фIыгъэкIэ. Къытригъэзэжыфыну пIэрэ а Iуэхугъуэ дахэм апхуэдизу илъэс дэкIаУэ? А упщIэм игъэпIейтейр Адыгэхэм я махуэм «Спартак» стадионым къекIуэлIа цIыхуищэхэр.

Мы зэIущIэм командитIри ирихьэлIат я Iэхухэр мыщIагъуащэу. Мэрем кIуам Тулэ къыщыхагъащIэу премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм къыщыкIэрыхуэхэм яхьхьам къищынэмыщIауэ, Мэзкуу и «Динамо»-м фIэкIуэдат абы фэбжь хьэлъэ щызыгъуэта и гъуащхьауэ нэхъыфI Панченкэ Кирилл. «Спартак-Налшыкми» уцIехьуэпсэщэн щыIэтэкъым. Биджиев Хьэсэнбий зэуэзэпсу Курск Iэпхъуа иужькIэ тренер нэхъыщхьэу ягъэува Трубицын Сергей, нэхъапэм куэдрэ ди командэм щыджэгуа икIи илъэс пщыкIублкIэ и тренер нэхъыжьу (1994 - 2011 гъэхэм) щыта щхьэкIэ, Iэхум хэзгъэжьын папщIэ зэман пыуукIа хуейт.

Дауи, премьер-лигэмрэ етIуанэ дивизионымрэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэр зэпщыкIыу зэщхьэщокI. АрщхьэкIэ кубокым ехьэлIа зэпеуэхэр нэгъуэщIыц - абыхэм зы зэIущIэ закъуэм узэрыхуэхьэзырым елъытауэ уиIэну ехьулIэныгъэ зыхуэздэнур. Премьер-лигэм хэтхэм ар зрамыпэсыщэу ирагъажьэ, Урысей Федерацэм и чемпионатымрэ Европэм щрагъэкIуэкI джэгуГъуэхэмрэ япэ ирагъэщри. Абы щхьэкIэ къэмынэу къэралым и командэ нэхъыфIхэр зэрахуэкIуэр япэ, етIуанэ дивизионым зыкъыщыщыгъэлъагъуэхэм я дежкIэ дэрэжэгъэщ икIи хуэфащэу Iущ1эну хущIокъу. ИкIи ар хъарзынэу «шынэхъыщIэхэм» къохъулIэ. Щыхьэту урикъунщ вэсэмахуэ зэхэта джэгуГъуипщIым ящыщу ыкIи япэ, етIуанэ дивизионым щыщхэм премьер-лигэм икIахэр зэрыхагъэщIар. КъыхэжаныкIахэм ящыщщ «Спартак-Налшыкри».

Джэгур хуабжьу удэзыхьэхыу екIуэкIащ. Нэрылъагъут лъэныкъуитIри абы щытекIуэну зэрыщIэхъуэпсыр.Ахэр мызэ-мытIэу пэгъунэгъуащ екъулIэныгъэр къыхуэзыхьыну топыр дагъэкIыну, ауэ гъуащхьэтетхэм я Iэзагъым пэлъэщакъым. Апхуэдэурэ джэгум хухаха сыхьэтрэ ныкъуэр кIуащ. Кубокым ехьэлIа зэхьэзэхуэхэм зэрыщыхабзэу, абы сыхьэт ныкъуэ къыщIагъуащ. А зэманми нэхъ лъэщыр зэхигъэкIакъым. ТекIуар Iэмал имыIэу къахутэн зэрыхуейм къыхэкIыу пенальти еуэным щIадзащ.

Апэу топым бгъэдохьэ ди гъуащхьэхъуэмэ Шахтиев Хъалид. Зешэщ1, и къару къызэрихьэкIэ йоуэри абы бжыгъэр къызэIуех - 1:0.

АдэкIэ метр пщыкIызым йокIуалIэ илъэс ипэкIэ мы командхэр Налшык щызэIущIам топ закъуэ къытхудэзыгъэкIыу «Динамо»-р тезыгъэкIуа Катрич Анатолий. АрщхьэкIэ абы тIэунейрэ зэкIэлъхьэужьу и насыпыр къикIакъым - иджы ар зэуа топыр гъуэм хуэзакъым.

Чэзур Абазэ Астемыр къыпIоц. ИгъащIэ пъандэрэ пенальти еуам хуэдэу абы «Спартак-Налшыкыр» 2:0-у япэ ирегъэщ.

Луценкэ Евгений ди гъуэр къыхигъэщIа щхьэкIэ, Мэшыкъуэ Хьэчим напIэзыпIэм бжыгъэр 3:1-м хуегъакIуэ.

Сапетэ Александр аргуэру топ къыщытхудигъэкIам дыкъэгузэват, ди щIалэщIэхэр къэдзыхэмэ жытIэри. АрщхьэкIэ топджэгу губгъуэм куэд щызыпъэгъуа Пащты Руслан 4:2-уэ хэгъэрейхэр япэ ирегъэщыж.

ЕплIанэ еуэгъуэр мэзкуудэсхэм къалъос. Ар къыдамыгъэкIыфмэ... Обольский Николай лъэщу зэуа топым Щоджэн Борис кърегъэгъазэ! Ар текIуэныгъэщ! «Спартак-Налшыкыр» адэкIи Урысей Федерацэм и кубокым щIэбэныну, премьер-лигэм къикIа командэр хигъэщIащи.

Зыкъом щIауэ апхуэдэу уэру Налшык и «Спартак» стадионым къемыкIуэлIа цIыхухэр, дэрэжэгъуэ ин ягъуэтауэ, жыджэру зэбгрыкIыжырт. Адыгэхэм я махуэм екIуэкIа дауэдапщэхэм фIыуэ ялъагъу командэм и текIуэныгъэ лъэпIэр гуIэфIтещIэж хузэхуат, лъэпкъым и пщIэр лъагэу иIэту.

АдэкIэ «Спартак-Налшыкым» хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуащ Мэзкуу и «Спартак»-р. Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и финалым и 1/8-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ жпэуэгъуэм и 25-м ахэр къэралым и къалащхьэм щызэIущIэнущ.

Адрей зэIущIэхэм я гугъу пщIымэ, къыхэгъэщхьэхукIыпхъэщ Биджиев Хьэсэнбий тренер нэхъыщхьэу здэкIуа «Авангард»-м ЦСКА-р зэрыхигъэщIар. Къэралым и вице-чемпионым текIуэхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэххэм фIы дыдэу яцIыхухэу Гъурф Азэмэт, Аппаев Хьэзыр, Дашаев Аслъэн, Войнов Денис, Болэ Руслан сымэ. Аращи, утемыкIытыхьу жыпIэ хъунущ Курск и топджэгу командэм и ныкъуэр ди щIалэхэр зэрыарар.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ вэсэмахуэ зэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Авангард**» (Курск) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:0** (къыщIагъуа зэманым), «**Шинник**» (Ярославль) - «**Урал**» (Екатеринбург) - **3:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Ростов**» (Дон Iус Ростов) - **0:2**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Спартак**» (Мэзкуу) - **0:2**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Анжи**» (Мэхъачкалэ) - **2:0**, «**Оренбург**» (Оренбург) - «**Рубин**» (Къэзан) - **0:2**, «**Тамбов**» (Тамбов) - «**Арсенал**» (Тулэ) - **1:0**, «**Томь**» (Томск) - «**Краснодар**» (Краснодар) - **2:1**, «**Тюмень**» (Тюмень) - «**Тосно**» (Ленинград область) - **1:2**. ТекIуахэр финалым и 1/8-нэ Iыхьэм кIуащи, адэкIэ кубокым щIэбэныщ.

КъищынэмыщIауэ, дыгъуасэ зэдзэджэгущ «Крылья Советов» (Самарэ) - «Локомотив» (Мэзкуу), «Олимпиец» (Новгород Ищхьэрэ) - «Уфа» (Уфа), «Енисей» (Красноярск) - «Ахмат» (Грозный), «Динамо» (Санкт-Петербург) - «Зенит» (Санкт-Петербург), «Арарат» (Мэзкуу) - «СКА-Хабаровск» (Хабаровск), «Факел» (Воронеж) - «Амкар» (Пермь) командхэр. Абыхэм щызэхэкIынущ УФ-м и кубокым иризэныкъуэхэну адрей гупихыр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Маккаев Махъты Хьэсэн и къуэм** яхуогузавэ абы и анэ **Маккаевэ Хьэбибэт Жэмалитдин и пхъур** дунейм зэрехьжам къыхэкIыу.

Адыгэшымрэ адыгэлIымрэ папщIэ

● Гуфiэгъуэ зэхыхьэ

Адыгэхэм я махуэм хуэгъэпсауэ Налшык и ипподромым фокIадэм 20-м щекIуэкIащ зи чэзу шыгъажэ махуэр. Абы къыщапщытащ адыгэшхэр, хьэрыпышхэр, инджылыз-адыгэшхэр. Шыгъажэр егъэкIуэкIыныр дАыгъащ Бахьсэн район щIыпIэ администрацэмрэ «Налшык» хьэлвэ заводымрэ.

ЗэХЬЭЗЭХУЭМ ипэ къихуэу махуэшхуэмкIэ къызэхуэсахэм екъуэхъуащ Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм я «Урысейм и ипподромхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и щIыналъэ директор Щоджэн Хьэчимрэ Бахьсэн щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къанэмэт Рустамрэ.

Шыгъажэ махуэр къызэIуахащ илъэсищ нэхърэ нэхьыжь адыгэшхэм. Ахэр къыщызэдзэжащ метр 1800-м. Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнщыкIу Алий и фэеплъ къэжэгъуэм хухаха сом мин 60 саугъэт фондыр къызэдзажэм псоми я зэхуэдэу хуагъэшащ. Псом япэу гъуэгуанэр къызэпичащ Гъэунэм иш Сэтэней.

Мы текIуэныгъэм мыхьэнэщхуэу иIащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэкIэ ягъэува Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм къыдэкIуэу ягъэлъапIэ Адыгэшым и дунейпсо махуэри.

Шыгъажэм махуэм и саугъэт нэхъыщхьэм - Адыгэшым я махуэм мы гъэм япэу хуахахам - щIэбэнащ адыгэш къабзэхэу зи ныбжьыр илъэсищ е нэхъыбэ хъуу мы гъэм текIуэныгъэ къэзымыхьахэр. Абы къыщыхэжаныкIащИнгушым къикIа Бековым и гъэхъун Лайм Малибу шыр. Метр 1800-р абы япэу къызэринэкIащ. Шыр къиГъэжащ мастер-шууей Хьэмзыэ Къазбэч. Кубок нэхъыщхьэр шыр зейм иратащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Таймураз, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шэт Мэчрэ1ил, Бахьсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къанэмэт Рустам сымэ.

АдэкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и цIэкIэ ягъэува саугъэтым метр 1200-м щыIэбэнащ илъэситI зи ныбжь шыбзэкр. Гъэзэгуанэр псом япэу къызэринэкIащ мастер-шууей Сыжажэм къигъэжа Блийм и гъэхъун Прагэ. Абы саугъэтыр ираташ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъуокъуэ Хьэутий, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Таймураз, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шэт Мэчрэ1ил, Бахьсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къанэмэт Рустам сымэ.

Илъэситl нэхърэ нэхъыжь хьэрыпышхэр щIэбэнащ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий и фэеплъ саугъэтым. Абы япэу къыщысащ Пятигорск къикIа Дага Бена. Ар къэзыгъэжа етIуанэ категорие зиIэ шууей Сэхъуокъуэ Хьэутий, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Таймураз, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шэт Мэчрэ1ил сымэ.

КъыкIэлъыкIуэу Бахьсэн район администрацэм и цIэкIэ ягъэува саугъэтыр зыIэригъэхьащ ЦIыпIынэм иш илъэсищ зи ныбжь Майти Кейн. Ар къигъэжащ мастер-шууей Сыжажэм.

Илъэситl нэхърэ нэхъыжь хьэрыпышхэр щIэбэнащ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий и фэеплъ саугъэтым. Абы япэу къыщысащ Пятигорск къикIа Дага Бена. Ар къэзыгъэжа етIуанэ категорие зиIэ шууей Сэхъуокъуэ Хьэутий, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Таймураз, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и Iэщыхьэу пащэ Тембот Л. сымэ я фэеплъ саугъэтхэм. Гъэзэгуанэр япэу къызэпичащ Быфым иш Фараонкэ. Мастер-тренерыр Алокъуэрщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Шыкъырщ.

Шыгъажэ махуэм и кIэухыу къызэдзэжа «Малка» шы щагъэхъу заводым къыщалъхуа илъэситI зи ныбжь ищыщ. Ахэр щIэбэнащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу Бырсэ А., Щоджэн ТI., Кьалмыкъ Хь., КъБАССР-м и Iэщыхьэу пащэ Тембот Л. сымэ я фэеплъ саугъэтхэм. Гъэзэгуанэр япэу къызэпичащ Быфым иш Фараонкэ. Мастер-тренерыр Алокъуэрщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Шыкъырщ.

Шыгъажэ махуэм и кIэухыу къызэдзэжа «Малка» шы щагъэхъу заводым къыщалъхуа илъэситI зи ныбжь ищыщ. Ахэр щIэбэнащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу Бырсэ А., Щоджэн ТI., Кьалмыкъ Хь., КъБАССР-м и Iэщыхьэу пащэ Тембот Л. сымэ я фэеплъ саугъэтхэм. Гъэзэгуанэр япэу къызэпичащ Быфым иш Фараонкэ. Мастер-тренерыр Алокъуэрщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Шыкъырщ.

Шыгъажэ махуэм и кIэухыу къызэдзэжа «Малка» шы щагъэхъу заводым къыщалъхуа илъэситI зи ныбжь шыбзэкр къыщызэдзажащ метр 1400-рэ зи кIыхьагъэ гъуэгуанэм. Ахэр щIэбэнащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу Бырсэ А., Щоджэн ТI., Кьалмыкъ Хь., КъБАССР-м и Iэщыхьэу пащэ Тембот Л. сымэ я фэеплъ саугъэтхэм. Гъэзэгуанэр япэу къызэпичащ Быфым иш Фараонкэ. Мастер-тренерыр Алокъуэрщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Шыкъырщ.

Шыгъажэ махуэм и кIэухыу къызэдзэжа «Малка» шы щагъэхъу заводым къыщалъхуа илъэситI зи ныбжь шыбзэкр къыщызэдзажащ метр 1400-рэ зи кIыхьагъэ гъуэгуанэм. Ахэр щIэбэнащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу Бырсэ А., Щоджэн ТI., Кьалмыкъ Хь., КъБАССР-м и Iэщыхьэу пащэ Тембот Л. сымэ я фэеплъ саугъэтхэм. Гъэзэгуанэр япэу къызэпичащ Быфым иш Фараонкэ. Мастер-тренерыр Алокъуэрщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Шыкъырщ.

Шыгъажэ махуэм и кIэухыу къызэдзэжа «Малка» шы щагъэхъу заводым къыщалъхуа илъэситI зи ныбжь шыбзэкр къыщызэдзажащ метр 1400-рэ зи кIыхьагъэ гъуэгуанэм. Ахэр щIэбэнащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу Бырсэ А., Щоджэн ТI., Кьалмыкъ Хь., КъБАССР-м и Iэщыхьэу пащэ Тембот Л. сымэ я фэеплъ саугъэтхэм. Гъэзэгуанэр япэу къызэпичащ Быфым иш Фараонкэ. Мастер-тренерыр Алокъуэрщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Шыкъырщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхтащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнат1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщIэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Нэщ1эпыджэ Замирэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Сандэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнат1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1188